Цæйут, æфсымæртау, радтæм нæ къухтæ
Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..

Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет
Республиканская народная газета Северной Осетии

РÆСТДЗИНАД

№ 176 (25662)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы — газета издается с 14 марта 1923 года

2022 азы 24 сентябр — рухæны мæйы 24 бон, сабат

Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 КУСÆГ БАЛЦ
Æрæфы æмæ Алагиры районтæ

3 НÆ ФАРН – НÆ УДЫХЪÆД
Æгъдæутты халæг нæхæдæг стæм

4 ФÆЗМИНАГ КÆСТÆРТÆ
Æмæ та ногæй Ирыстонмæ

Фембæлд

Адæмы фæрныгадыл кусын хъæуы

РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО фембæлд Цæгат Ирыстоны Парламенты ног равзæрст Сæрдар ТУСКЪАТЫ Таймуразимæ.

Парламенты Сæрдарæн арфæ ракæнгæйæ, Сергей Меняйло куыд загъта, афтæмæй хъуамæ йæ ног бынаты Тускъайы-фырт æнтыстджынæй куса. "Иумæ нæ цы нысантыл бацархайын хъæудзæн, уыдон уæлæнгай схонæн нæй, фæлæ сæ саразынæн фадæттæ ис. Ног æвзæрст депутаттæ æвзарджыты æууæнкæн дзуапп ратдзысты, республикæйыræзтæн гæнæнтæ скæндзысты", — загъта Сæргълæууæг.

"Кæй мыл схъæлæс кодтой, уымæй разы дæн, бузныг. Нысантæ æмбæрстгонд сты, разæй нæм бирæ куыст æнхъæлмæ кæсы. Нæ республикæйыræзтыл, адæмы фæрныгадыл кæй бацархайдзыстæм, уый мæ уырны", — ахæм уыд Тускъаты Таймуразы дзуапп.

Сусæг хуызы хъæлæс кæнгæйæ, РЦИ-Аланийы Парламенты Сæрдарæй æвзæрст æрцыд Тускъаты Таймураз. Ног равзæрст Парламенты размæ лæууы фидæнмæ бюджет саразын, бюджетон политикæ сбæрæг кæнын. Цæрджыты раз сæ социалон хæстæ кæй æххæст кæндзысты, национ проекттæ æмæ паддзахадон программæтæ царды кæй уадздзысты, уый дæр Тускъаты Таймураз бафиппайдта.

РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ

Æрсидт

Сæйрагдæр – хæстон фæлтæрддзинад

Хайгай æрсидты рæстæг сидт цæудзæн æхсджытæм, танкисттæм, артиллеристтæм, машинæ скъæрджытæм, сæйрагдæр та у хæстон фæлтæрддзинад, фехъусын кодта УФ-йы Гæрзифтонг тыхты Генштабы Сæйраг организацион-æрсидтон управленийы минæвар, контр-адмирал Владимир Цимлянский.

"Хайгай æрсидты фæлгæты сидт цæудзæн, хæслæвæрдтæ æххæст кæнынæн чи хъæуы, уыцы граждæнтæм. Уыдон сты æхсджытæ, танкисттæ, артиллеристтæ, машинæ скъæрджытæ, механиктæ-скъæрджытæ", — загъта уый.

Уыимæ, уый куыд банысан кодта, афтæмæй, запасы чи ис, уыцы сидтонтæн рад нысангонд не 'рцыд. "Фæлæ уæддæр уæлдай тынгдæр хъæуынц æфсæддон-хыгъдон дæсныйæдтимæ граждæнтæ. Æмбарын хъæуы уый, æмæ цы граждæнтæм фæсиддзысты, уыдоны нымæц уыдзæн, æфсæддон хæйтты цас хъæуы, уый бæрц. Фæлæ сæйрагдæр та у сæ хæстон фæлтæрддзинад", — загъта контр-адмирал.

РИА "Новости"

Æфсæддон – хыгъдон дæсныйæдтæ

Хайгай æрсидты фæлгæты, гæнæн ис, æмæ куысты бынæтты иу хайы кусой сылгоймæгтæ дæр иу кæнæ иннæ æфсæддон-хыгъдон дæсныйæдтимæ, зæгъæм, медиктæ, фæлæ ахæм специалисттæ бирæ нæ хъæудзæн.

Уый цыппæрæмы фехъусын кодта УФ-йы Гæрзифтонг тыхты Генералон штабы Сæйраг организацион-æрсидтон управленийы минæвар, контр-адмирал **Владимир Цимлянский**.

"Кæй зæгъын æй хъæуы, ис ахæм куысты бынæттæ, æмæ уыдоны сылгоймæгтæн кусын сæ бон у, кæцытæм ис хъæугæ æфсæддон-хыгъдон дæсныйæдтæ. Уыдонмæ хауынц, зæгъæм, медицинон кусджытæ, фæлæ афтæ тынг нæ хъæуынц", — загъта уый.

Цимлянский ма ноджы фехъусын кодта, зæгъгæ, æрсидты фæлгæты сидт цæудзæн рæнхъонтæ æмæ сержанттæм 35 азы онг, кæстæр афицертæм 50 азы онг, хистæр афицертæм 55 азы онг.

Нæ уацхæссæг

Республикæ æмæ Дзæуджыхъæуы бонты тыххæй арфæ

ЦÆГАТ ИРЫСТОНЫ КАДДЖЫН ЦÆРДЖЫТÆ!

Сентябры кæрон мах фæбæрæг кæнæм Республикæйы бон æмæ Дзæуджыхъæуы бон. Уый нын ратты нæ райгуыræн бынаты историон ивгъуыд, курдиæттæ æмæ фæллойадон æнтыстдзинæдтæ фены фадат. Культурæйы, аивады, ахуырады æмæ спорты, промышленнон-экономикон, социалон къабазы цы размæцыд ис, уый нæ бон раиртасын у.

Нæ ацы бæрæгбон мах бæрæг кæнæм вазыгджын рæстæг, нæ цытджын бæстæ йæ граждæнты æдасдзинад хъахъхъæны, йæ фæзуæттæм æрбацæуын нæ уадзы, Украинæйы сæрмагонд хæстон операци æххæст кæны. Цæгат Ирыстонæй рацæугæ адæм та хъæбатырдзинад, лæгдзинад æмæ æцæг патриотизм æвдисынц тохы быдыры.

Ахæм уаварты уæлдай ирдæй зынынц нæ бирæнацион адæмы куырыхондзинад, кæрæдзиуыл мæт кæныны, бæрзонд нысанты сæраппонд уæхски-уæхск æрбалæвуыны æууæлтæ. Нæ æхсæнадæн уыдæттæ уыдысты фидар бындуртæ, зындзинæдты тæссагдзинæдты, фæлварæнты сæрты ахизынæн фæрæзтæ.

Ацы рæсугъд бон уын мæ зæрдæ зæгъы фидар æнæниздзинад, сабырдзинад, циндзинад, æнтыстдзинæдтæ æмæ зæрдæбын фæллой алы хъуыддаджы дæр.

Нæ уарзон, Хæстон намысы горæт, Дзæуджыхъæу арæзт цæуæд, рæзæд! Республикæ Цæгат Ирыстон-Алани размæ цæуæд, дидинæг калæд!

Сергей МЕНЯЙЛО,
Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Сæргълæууæг

ЗЫНАРГЪ ÆМБÆЛТТÆ!

Зæрдæбынæй уын Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы æмæ Дзæуджыхъæуы бонты тыххæй арфæ кæнын. Ацы бæрæгбон, йæ чысыл Фыдыбæстæ чи уарзы, йæ историйæ, йæ æвæджиауы культурæйæ æмæ æрдзæй сæрыстыр чи у, уыдоны иу кæны.

Мах дунейæн балæвар кодтам дæсгай æмæ сæдæгай дзæбæх нæмттæ. Нæ паддзахадæн йæ æппæты зындæр рæстæг стæм йæ фидар бындур. Абон нæ лæппутæ, сæ цардæн тæссагдзинæдтæ æвзаргæйæ, Уæрæсейы национ цымыдисты сæрыл схæцыдысты, уырыссаг адæмы Донецкаг æмæ Луганскаг Адæмон республикæты нацисттæй хъахъхъæнынц. Тагъд нæм сæрæгасæй кæй сыздæхдзысты, ууыл нæ зæрдæ дарæм.

Ацы бон мæ фæнды, Дзæуджыхъæуы фидардзинадыл чи кусы, уыдонæн арфæ ракæнын. Уæ уарзон горæтæн лæггад кæй кæнут, уæ фæллойы тыхтæй уын бузныг. Кæрæдзи цур нæ бон балæууын куыд уа, кæрæдзийæн аргъ куыд кæнæм, ахæм амонд нæ уæд.

Дзæуджыхъæу æмæ Цæгат Ирыстонæн мæ зæрдæ зæгъы хорздзинæдтæ, дидинæг калæнт, горæты æмæ республикæйы цæрджытæ та æнæниз уæнт, райсомы боныл куыд æууæндой, уыцы амонд сæ уæд!

Дæ райгуыræн боны хорзæх дæ уæд, нæ уарзон горæт! Дæ райгуыræн боны хорзæх дæ уæд, Ирыстон!

СÆЛБИТЫ Зитæ,
Дзæуджыхъæуы Минæвæртты æмбырды сæргълæууæджы хæстæ рæстæгмæ æххæстгæнæг

Наукон конференци

Нæ фыдæлты чырыстон истори

"Аланты æмæ дунейы чырыстон диныл хæст адæмты историон æмæ культурон бастдзинæдтæ", ахæм темæйыл æппæтадæмон наукон конференци арæзт æрцыд Цæгат Ирыстоны Гуманитарон æмæ социалон иртасæнты институты.

Аланыстоны саргъуыды 1100 азы юбилей чырыстон æхсæнадæн стыр бæрæгбон у. Афæдзы дæргъы бирæ кадджын мадзæлттæ конд цыдис, рагон чырыстон объекттæ цалцæггонд цыдысты, культурон-рухсадон акцитæ, равдыстытæ цæттæ кодтой.

Цымыдисаг рауад наукон конференци дæр. Йæ куысты архайдтой ахуыргæндтæ, политиктæ, æхсæнадон организациты минæвæрттæ, дины кусджытæ, ахуырдзау фæсивæд.

Кавказы Аланты рагон паддзахады чырыстонады историмæ ноджы парахатдæрæй æркæсын, дины культурæйы, историйы, наукæйы фарстатæм æргом раздахынæн стыр ахъаз уыдзæн ацы фембæлд.

Конференцийы сæйрагдæр ныхас цыд Аланыстоны саргъуыды историйыл. Уый тыххæй æмбырды архайджытæн цымыдис доклад скодта профессор, педагогон наукæты доктор **Цæллагты Зариффæ**.

Дæсæм æнусы райдайæны, ирæттæ фыццаг хатт базонгæ сты чырыстон уырнондзинадимæ. Тæтæр-манголты ныббырсты фæстæ фæмынæг ис дин. Ныхас цыдис фыццаг национ дамгъуатыл, Уæрæсеимæ баиудзинад æмæ æндæр фарстатыл.

Конференцийы ма ахсджиаг темæтыл раныхас кодта философон наукæты доктор **Дадианаты Тамарæ**. Фæндон бахаста, цæмæй Ирыстоны цырт сæвæрой Владимираг Цытджын Мария Ясыняйы кадæн.

Нæ фыдæлты историйы ахсджиаг цау рохуаты кæй нæ баззад, уый та абон не 'ппæтæн дæр тынг æхсызгон у.

Æмбырды архайджытæ ма æрныхас кодтой бирæ ахсджиаг фарстатыл.

ГУГКАТЫ Жаннæ

Ахсджиаг ныхас

Инвестиционон проекттæ, социалон объектты арæзтад

РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барис æххæстгæнæг хицауады æмæ районты разамонджытимæ скодта æмбырд.

Хицауады Сæрдары хæдивæг **Тугъанаты Ларисæ** радзырдта, Аланийы саргъуыды 1100 азы бæрæгбонмæ республикæ йæхи куыд бацæттæ кодта, уый тыххæй. Сæйраг мадзæлттæ федералон хицауадимæ, Мæскуыйаг æмæ æппæт Уæрæсейы Патриарх Кириллимæ конд æрцæудзысты 24-25 сентябры.

Республикæмæ æрцæудзæн Уæрæсейы Хицауады Сæрдары хæдивæг Александр Новак. Цæгат Ирыстон газæй сифтонг кæныны нысантыл, Президент Владимир Путин цы хъуыддæгтæ бафæдзæхста, экономикон размæцыды æмæ раззагдæр проекттыл, "Мамысон"-ы проектыл, иннæ инвестицион хъуыддæгтыл хъуамæ æрдзурой.

Дзанайы-фырт куыд бафиппайдта, афтæмæй хъуамæ Экономикон рæзты министад æппæт инвестицион проекттæ сбæрæг кæна. "Сæ алкæмæн дæр ис экономикон æмæ социалон ахадындзинад. Царды куыд æнтысынц, уымæ хъуамæ уæ цæст дарат", — бафæдзæхста Хицауады Сæрдар.

Дзæуджыхъæуы æмæ республикæйы районты аразынц социалон объекттæ, сты инвестицион проектты хæйттæ. Дзанайты Барис куыд бацамыдта, афтæмæй хъуамæ районты разамонджытæ сæ хъус æрдарой арæзтæдтæм, уæлдай æргом равдисын хъæуы скъолаты арæзтадон æмæ цалцæггæнæн куыстытæм.

Ахуырад æмæ наукæйы министр **Алыбегты Эллæ** куыд радзырдта, афтæмæй тагъд ног рæвдауæндæттæ байгом уыдзысты. Арæзтад æмæ архитектурæйы министрадæн Хицауады Сæрдар бафæдзæхста, цæмæй æппæт социалон объектты цæттæдзинадмæ хъус æрдарой.

Уый тыххæй фехъусын кодта РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ.

Нæ уацхæссæг

Æмбырд

РЦИ-Аланийы Парламенты æмбырды тыххæй

Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы æвдæм равзæрст Парламенты дыккаг æмбырд уыдзæн 2022 азы 26 сентябры 11 сахатыл Хицауады хæдзары æмбырдтæ аразæн залы (Сæрибары фæз, 1).

Депутаттæ æмæ хуынд адæм регистраци кæндзысты 2022 азы 26 сентябры 10 сахатæй фæстæмæ Хицауады хæдзары фойейы.

Телефонтæ: 53-13-06, 53-33-16.

Дзырды фарн

Хуыздæр æнхъæлæй фæстагмæ зынæй зындæрмæ фæцæуæм.

ТÆДИАТЫ Секъа

Боныхъæд **Республикæйы гидрометцентр** куыд хъусын кæны, афтæмæй абон, **24 сентябры,** уардзæн. Уæлдæфы температурæ республикæйы — **12-17 градусы хъарм,** Дзæуджыхъæуы — **12-14 градусы хъарм.**

Боны дæргъ — 12,06

Хурыскаст — 05,50
Хурныгуылд — 17,56

Валютæйы аргъ

Доллар — 56,94 ↓
Евро — 55,37 ↑

12+

Кусæг балц

Æрæфы æмæ Алагиры районтæ

Ахуырад æмæ наукæйы министр АЛЫБЕГТЫ Эллæ кусæг балцы уыд Æрæфы æмæ Алагиры районты. Фембæлд адæмимæ, ахуыргæнæндæттæ федта, нырма цалцæг кæй кæнынц, уыцы скъолатæ дæр.

Æрæфы районы бынæттон хиуынаффæйады разамонæг **Лагкуты Омаримæ** адæмимæ фембæлд, равзæрстой ахуырады кусæндæтты материалон-техникон уавæр. Уæлæмхасæн ахуырады центры ахуыргæнæг æрхатыд министрмæ, цæмæй сын автобус радих кæнынæн фехХуыс кæна. Арæх сæ бахъæуы цæуын алыхуызон бынæттæм, уым æвдисынц бæрзонд бæрæггæнæнтæ. Фæлæ сæ ракурын бахъæуы æндæр кусæндоны автобус.

Алыбегты Эллæ куыд радзырдта, афтæмæй ныртæккæ ахуырадон кусæндæттæн автобустæ радих кæныны тыХХæй куырдиат цæттæ кæнынц. Специалисттæн бахæс кодта, цæмæй Æрæфы районы Уæлæмхасæн ахуырадон центрæн автобус радтыны фарстайыл бакусой. Хæзнытдоны хъæуы скъолайы ахуыргæнæг куырдта, цæмæй сæм скъолайы байгом кæной "Ræзты тæлмытæ"-йы центр. Скъола бахастой, 2023 азы федералон программæйы фæрцы бынтурон цалцæг кæй кæндзысты, уыцы уæлæмхасæн хыгъдмæ. Уый фæстæ дзы "Ræзты тæлмытæ" дæр сараздзысты.

Æрæфы районы министр федта Советон поселочы, Сечеры æмæ Æхсæрысæры скъолатæ цалцæггонд куыд цæуынц, уый. Куыд бафиппайдта, афтæмæй хъуамæ куыстытæ фæуой графикмæ гæсгæ. Ныртæккæ скъолатæм ласынц ифтонггæрзтæ, ног хъæдын дзаума, цыдæриддæр скъолайы бахъæудзæн, ахуыргæнджытæ æмæ сывæллæттæ сæхи дзæбæх кæм æнкъарой, уыдæттæ. Алыбегты Эллæ ма бабæрæг кодта Дур-Дуры скъола-интернат, сæ ахуыр куыд арæзт æрцыд, уый сбæрæг кодта, сывæллæттæн сæ уавæртæм æркаст. Федта ма районы рæвдауæндæттæ дæр.

Алагиры районы ахуырады министр бацыд 2-æм æмæ 5-æм скъолатæм, уым кусынц кадетон кълæстæ. Министр кадетты уроктæм бацыд, уыдоны æдде федта æндæр мадзæлттæ дæр. "Сывæллæттæ тынг зæрдиагæй архайынц. Ныртæккæ скъолатæм сæрæнæй хæссынц дæсныйады размæ æмæ дæсныйадон ахуырад. Иумæйагахуырадон скъолаты фæзындысты кадетон, математикон, медицинон, инженерон кълæстæ. Азæй-азмæ дæсныйæдты нымæц рæздзæн", — загъта Алыбегты Эллæ.

Министр ма бабæрæг кодта Хъæды хæдзарады техникум æмæ скъола-интернат. Федта сын сæ бæстыхæйттæ, урокты расписаниимæ базонгæ, ахсджиаг фарстатæ алыг кодта.

Ахуырад æмæ наукæйы министрады пресс-службæ

Æнæниздзинад

Медицинон хæрзаудæн акци

25-30 сентябрмæ Дзæуджыхъæуы, сывæллæтты республикон-клиникон рынчындоны бындурыл, æрдзæй рахæсгæ былтæ æмæ комарынгы аипдзинад кæмæ ис, уыцы сывæллæттæн нæ бæстæйы хуыздæр дæсны специалисттæ дохтыртæ-бархионтæ кæндзысты лæвар операцитæ. Ацы командæ ахæм хæрзаудæн акцийы фæрцы 40 операцийы скæндзысты, 100 сывæллоны уавæрмæ та бæстон æркæсдзысты æмæ сын консультацитæ ратдзысты.

Хæрзаудæн фонд "Операция Улыбка" ацы мадзал аразы ООО компаниты къорд "Бавари"-йы æхХуысæй. Операцитæм сывæллæтты та æвзардзæн дуты 'хсæн æмбæлгæ уавæрты цæрын.

Медицинон хæрзаудæн акци "Операция Улыбка" Уæрæсейы сфидар кодтой 1995 азы. Ныр, 25 азы

нейы зындгонд дохтыр, хæрзаудæг æмæ "Операция Улыбка"-йы фонды бархион **Хасан Баиев.**

Æрдзæй рахæсгæ былтæ æмæ комарынгы аипдзинадимæ сывæллæттæн медицинон хæрзаудæн акци æрвылаздæр Цæгат Кавказы æмæ Уæрæсейы иннæ регионты ацæуы бынæттон æнæниздзинадхъахъхъæнынады министрадтимæ бадзырд бафыссыны бындурыл. Бæрзонд квалификаци кæмæ ис,уыцы дохтыртæ-бархионтæ къуырийы дæргъы консультаци æмæ операцитæ кæнынц сæ чысыл пациенттæн, цæмæй сывæллæттæн æхХæстæй сæ бон уа хæрын, дзурын, æхсæнады хи нывыл уагæй æнкъарын æмæ сæ бинонУæрæсейы регионтæм ласы нæ бæстæйы æмæ дунейы хуыздæр дохтырты: анестезиологты, медицинон хоты, педиатрты, логопедты, психологты æмæ æндæр специалистты.

Æппæт дохтыртæ дæр, уæлдæр амынд къордмæ бахауыны размæ уал ацæуынц аккредитаци. Акцийыræстæг уыдон кусынц лæвар, райсынц отпуск, цæмæй ацæуой регионтæм сывæллæтты дзæбæх кæнынмæ. Бынæттон специалисттæ та архайынц акци бацæттæ кæныны хъуыддаджы, кæрæдзийы фæлтæрддзинадæй пайда кæныныл æмæ операциты фæстæ пациенттæм цæстдарыны мадзæлтты.

Нæ уацхæссæг

ÆхХуыс

Æвæрæз бинонтæн

Æрæджы Уæрæсейы Хицауад фехъусын кодтой, 8 азæй 17 азы онг сывæллæттæ кæм хъомыл кæнынц, ахæм бинонтæн ног æхХуыс фидыны тыХХæй. Дæтдзысты сæ æрмæстдæр æвæрæз бинонтæн, алы уæнгмæ дæр хъуамæ мызды æппынкъаддæры бæрцæй къаддæр хауа.

ÆхХуысы иумæйаг бæрц нымад æрцæудзæн æппæт бинонты æфтиæгтæ бафтаугæйæ. Ахсджиаг у, бинонты 'хсæн æхХæст картæм æппынæдзух æфтиæгтæ куы хауой кæнæ та сæм цавæрдæр ахсджиаг æфсоны тыХХæй куы нæ 'фтой. Зæгъæм, ноггуырд сывæллонмæ æртæ азы онг кæсын, ахуыргæнæндоны комкоммæ уагæй ахуыр кæнын, хæстон службæйы уæвын æмæ афтæ дарддæр.

Домæнтæ ис исбонадмæ дæр, хъуамæ бинонтæм ма уа иу хæдзарæй, иу машинæйæ, иу дачæ æмæ иу гаражæй фылдæр. Фиддонтæ кæнгæйæ, хъуамæ æппæт бинонты исбонад, семæ — æнахъом сывæллæттæ дæр нымад æрцæуой.

ÆхХуыс райсыны тыХХæй хъуамæ ныййарджытæй иу йæ куырдиат арвита Уæрæсейы Пенсион фондмæ, дæс боны æмгъуыдмæ æппæт гæхХæттытæ бадæтта. Специалисттæ куыд фехъусын кодтой, афтæмæй æхХуыс æрвитын райдыдтой 19 сентябрæй. Уымæй размæ къуырийы цы гæхХæттытæ балæвæрдтой æмæ æхХуысыл кæй сразы сты, уымæ гæсгæ сæ бинонтæ райсдзысты. Хъуамæ исой 14 мин сомы, хæццæ кæндзысты граждæнты картæхыгъдтæм.

Алы регионæн дæр æхХуысы бæрц уыдзæн хицæн, зæгъæм, бетъырбухаг бинонтæ райсдзысты 13638 сомы, новосибирскаг бинонтæ — 14562 сомы. Тагъд рæстæджы æхХуыс адæммæ фæхæццæ уыдзæн.

Нæ уацхæссæг

Нæ монон хæзнатæ

Аланты паддзæхты удварны тых

Национ наукон библиотекæйы ивгъуыд цыппæрæмы байгом зындгонд нывгæнæг КАДЖАТЫ Вадимы аивадон куыстыты равдыст.

Уый у Бетъырбухы нывгæнынады скъолайы курдиатджындæр ирон нывгæнджытæй иу. Сфæлдыстады йе 'ргом фылдæр здахы нæ фыдæлты царды нывтæ, Алайнаг паддзæхтæ æмæ фæтæгты фæлгонцтæ ныв кæнынмæ. Йæ куыстытæ йын фенæн ис Ирыстоны, Мæскуыйы, Бетъырбухы, Европæйаг бирæ бæстæты музейты æмæ хицæн адæймæгты коллекциты.

Библиотекæйы цы равдыст сарæзта, уым та фенæн ис Чырыстон дин райсыны фæстæ Алайнаг паддзахады æфсæддон æмæ паддзахадон рæзтыл тынг йæ дардмæуынаг зондæй, тых æмæ æрхъуыдыйæ йæ адæмæн ныфсæвæрæг æмæ раздзæуæг чи уыд, уыцы паддзæхты æмæ æфсæддон балхонты фæлгонцтæй Бузыккы, Константины, Ос-Бæгъатыры, Урдуры, Дорголелы, Худаны сурæттæ. Стыр композицион аивадон куыст "Аланты бæрæгбон"

Равдыст гом кæныны кадджын æмбырдмæ æрбацыдысты æмæ Каджаты Вадимы нываивадон æрмдзæфы тыХХæй сæ хъуыдытæ загътой æмæ йын зæрдиаг арфæтæ ракодтой РЦИ-Аланийы культурæйы министр **Галазты Эдуард**, йæ хæдивæг **Хъуыссæты Зæлинæ**, нæ республикæйы Нывгæнджыты цæдисы сæрдар **Мæргъиты Таймураз**, иерей **Хъуысаты Игор**, протоиерей **Остъаты Тимофей**, аивадуарзджытæ, нывгæнæджы хиуæттæ æмæ хæстæджытæ, студенттæ æмæ скъоладзаутæ.

Ацы равдыст нывгæнæг Каджаты Вадим сарæзта Аланыстоныл саргъуыды 1100 азы бонмæ. Йæ нывты цы рухс æмæ арф хъуыдытæ ис, уый тыХХæй сæ хъуыдытæ загътой аивадиртасæг **Гæздæнты Зарæ**, УФ-йы адæмон нывгæнджытæ **Бедойты Шалва** æмæ **Челæхсаты Магрез**, нæ республикæйы адæмон поэтессæ **Гуырдзыбеты Иринæ**.

СОЛТАНАТЫ Анвар

Сæ курдиатæй — ныфсдæттæг

Дзæуджыхъæуы Сæрибары фæзы уыд Сретенаг моладзандоны нæлгоймæгты зарæггæнджыты къорды концерт.

Ацы аивадон къорд йæ хæдбындур æмæ зæрдæмæхъаргæ вокалон аивадæй адæмы зæрдæтæм рухс æнкъарæнтæ хæссы, моладзандонæн 1398 азы бындурæвæрд куы æрцыд, уæдæй нырмæ. Йæ аивадон разамонæг æмæ дирижер у УФ-йы сгуыхт артист **Жила Никон**. Концерты фыццаг хайы зæлыдысты сербаг æмæ уырыссаг æвзæгтыл Чырыстон дины уаз фыстытыл арæзт вокалон уацмыстæ. Уыдонæй уæлдай ма зарæггæнджытæ аивадуарзджыты зæрдæтæ барухс кодтой адæмон уырыссаг хъазахъхъаг æмæ советон номдзыд композиторты арæзт зарджытæй; "Мах куы уыдыстæм хæсты", "Нæ дæн фæсмонгонд, нæ сидын, æмæ нæ кæуын", "Быдыртæ нæ алварс", "Æз куы фæцæуин, тагъд цæугæдонмæ", "Ныфс", "Цæрæнбоны зарæг", "Хуыцауы ныййарæджы зарæг" æмæ æндæртæ.

Концерты цы вокалон уацмыстæ зæлыд, сæ алкæцыйæ дæр, зарæггæнджыты къорды артисттæ, аивадуарзджыты зæрдæтæм рухс æмæ æхсызгон æнкъарæнтæ хæссыныл зæрдиагæй кæй бацархайдтой, ууыл дзурæг у, уый æмæ концертмæ æрбацæуджыты æмæ зарæггæнджыты 'хсæн уыд æнæзынгæ фарнхæссæг бастдзинад. Уый та уымæй бæрæг уыд, æмæ зарæг-иу куы самыдтой къорды солисттæ, уæд сæм чи хъуыста, уыцы адæм дæр семæ зарын кæй райдыдтой. Ахæм зындгонд аивадон къорд нæ республикæмæ кæй ссыд, курдиатджын æмæ фæлтæрдджын вокалон æгъдауæй алывæрсыг цæттæдзинад райсæг зарæггæнджытæ нын нæ зæрдæтæ æцæг аивады рухсæй кæй фæхайджын кодтой, уый мын у тынг æхсызгон, — дзырдта нын концерты фæстæ зындгонд хормейстер, РЦИ-Аланийы ахуырады сгуыхт кусæг **Мамыкъаты Людмилæ.**

АНВАРАТЫ Валери

Рохæн æвгъау нæмттæ

Фыдæлты фарн фæлтæртæм фæхаста

Йæ зонд æмæ цæстуарзонадæй фæлтæртæм уыд фыдæлты фарнхæссæг. Уæздан æмæ цæстуарзонæй, бæстон æмæ ныхасæй хъуыддагмæ æвиппайды рахизын чи зыдта, ахæм нæртон удыхъæды хицау læг. Цыбыр, фæлæ уæзгæ дзырдтæй аргъ скæнæн ис РЦИ-Аланийы Национ музейы хистæр наукон кусæг, УФ-йы культурæйы сгуыхт архайæг Хъантемыраты Эльбрусы цардвæндагæн.

Уый хуызæн адæймæгтæй фæзæгъынц, йæ адæмы иузæрдион хъæбул. Ирыстоны йын алы дур æмæ фыдæлтыккон культурæйыл, не 'гъдæуттыл дзурæг хæзна зынаргъ уыд. Бæстон зыдта йæхи æмæ алы ирон мыггæгты, нæ кæмтты, кувæндæтты, мæсгуыты равзæрд æмæ истори. Иртæста æмæ бæрæг кодта хæдзары рагон дзаумæтты æмæ национ уæлæдарæс æмæ хæцæнгæрзты, хæдзары дзаумæтты арæзт æмæ цардыуаджы сæ нысаны тыХХæй цымыдисаг хабæрттæ. Дзырдта сыл зæрдиаг æмæ æхсызгонæй, куыд республикæйы цæрджытæй музейы равдыстытæм цæуæг алы кары адæмæн. Уæрæсейы æмæ дунейы алыræттæй республикæмæ цы бæлццæттæ æмæ уазджытæ цыд, уыдонæн. Хайджын уыд Уæрæсейы æмæ Ирыстоны историйæ, канд арф æмæ бирæвæрсыг зонындзинæдтæй нæ, фæлæ ма фæлгонцджын æмæ аив дзырдарæхстдзинадæй.

1967 азы Эльбрус æнтыстджынæй каст фæци Цæгат Ирыстоны паддзахадон университеты историон факультет. Уæдæй йæ царды фæстаг бонтæм йæ зонадон, æмæ иртасæн архайд баст уыд ацы рухстауæн артдзæстимæ. Музейы куысты æмæ нæ фыдæлты историон хæзнатæ бæстон кæныны æмæ фæлтæртæм сæ фыццагон хуызы хæссыны хъуыддаджы йæм уыд стыр æмæ æнæбафæзмгæ фæлтæрддзинад. Архайдта археологон æмæ адæмон сфæлдыстад æмбырд кæнæг экспедициты. Лæгæй-лæгмæ зонгæ уыд Хуссар æмæ Цæгат Ирыстоны таурæгъгæнджытæ, кадæггæнджытæ æмæ æрмдæснытимæ. Фембæлгæйæ-иу семæ хионхуыз ныхас кодта æмæ иу цыбырræстæгмæ йæ зæрдæхæлардзинадæй æмæ цымыдисдзинадæй сæ алкæй зæрдæмæ фæндаг ссарын базыдта.

Кæддæриддæр йæ кусæнуаты дуæрттæ гом уыдысты алы кары адæмæн. Чи йæм-иу йæ мыггаджы хабæрттæ зонæг цыд, чи йæ фыдæлтыккон царды, кæнæ нæ зындгонд адæмы царды хабæрттæй фарста. Се 'ппæтæн дæр Эльбрус, куыд зондджын æмæ фендджын хистæр, музейы фæлтæрдджын кусæг, афтæ уыд рæдау фысым. Сæ ныфс æмæ æнцой алы хъуыддаджы дæр.



Музейы бирæ азты кусгæйæ, уый бирæ цымыдисаг хабæрттæ æрæмбырд кодта, канд нæ кадæггæнджыты æмæ таурæгъгæнджыты тыХХæй нæ, фæлæ ма йæм бирæ æрмæг уыд зындгонд нывгæнджытæ Тугъанты Махарбег, Дзанайты Азанбег, Бола Тлиаг, инæлартæ Плиты Иссæйы, Мамсыраты Хаджумары, Хетæгкаты Габойы, Дзусаты Ибрагимы, революционертæ Тогойты Данел, Арсæгты Горга, Рæмонты Хадзымæт, Дзæрæхохты Хадзымурат, номдзыд богал Хъаныхъуаты Бола, Хъантемыраты Алыбег æмæ йæ бинонты тыХХæй.

Йæ бирæвæрсыг зонындзинæдтæн аргъ кодтой зындгонд ахуыргæндтæ Абайты Васо, Тъехты Баграт, Цыбырты Людвиг, Дзаттиаты Руслан, Лазарты Хæсанæ, Хъуысаты Генри, Цуциты Аслан. Фыдæлты царды уаджы тыХХæй-иу бирæ хæттыты ныхас кодта радио æмæ телеуынынады равдыстыты. Газеттæ "Ræстдзинад", "Северная Осетия", "Владикавказ"-æн йемæ æрмæг цы журналисттæ цæттæ кодтой, уыдоныл-иу Эльбрусимæ аныхасы фæстæ базыртæ базад. Мыхуыры-иу куы рацыдысты се 'рмæджытæ, уæд та-иу газеткæсджыты арфæйы фыстæджытæн æмæ телефоны дзæнгæрджытæн редакцимæ кæрон дæр нал уыд.

Чи йæ зыдта, йæ зонды рухсæй хайджын чи фæци, уыцы адæмæй иу дæр афтæ нæ зæгъдзæн, Эльбрус сæ искæй тызмæг ныхасæй, зул цæстæнгасæй, æнæхъуаджы дам-думтæй батыхсын кодта. Йæ царды фылдæр хай Эльбрус цæттæ кодта чиныг "Ирон орнаменттæ". Хаст æм æрцыд, нырмæ зындгонд чи нæ уыд, ахæм цымыдисаг бирæ æрмæджытæ, хуызистытæ æмæ нывæфтыдтæ. Хъыгагæн, йæ рухс дуне йыл батар, йæ ацы æвæджиауы удвæллой мыхуыры нал федта, афтæмæй.

Не 'хсæнæй ахæм фарны læг, уæздан æмæ цæстуарзон хистæр кæй фæхъуыд, уыл æрхæндæг хъуыдытæй зæрдæ ныккæрзы. Уымæн йæ зæрдæ куыд рухс æмæ парахат уыд, йæ алы къахдзæф дæр йæ адæмæн хорзы бацæуыны охыл кæй уыд, уымæй та нæ хъуыдыты æнусон уыдзæн йæ рухс сурæт, ацы зæХХыл кæд цæрынæй æмæ йæ уарзон ирон адæмæн кад æмæ læггад кæнынæй нæ бафсæст, уæддæр йæ фарнæн ис æнусон цард. Уый та кад æмæ радимæ хæссын куыд фæразæм æмæ йæ фæлтæртæм адæттын нæ бон куыд бауа, уыцы хорзæх нын Эльбрусы рухс уд æмæ уарзæгой зæрдæ ма бахæлæг кæнæд. Уыцы бæстæй хæрзаудæн кæнæд йæ бирæ зонгæтыл, мыггагыл, хиуæттыл, нæ ирон адæмыл...

ГАСАНТЫ Валери

Хабæрттæ районтæй

170-аздзыд хъæу

Ацы аз Цыколайæн у юбилейон, районы сæйраг хъæуы равзæрдыл æхХæст кæны 170 азы. Уый тыХХæй сарæзтой сæрмагонд кусæг къорд, йæ сæргъы ГЪУЦЪУНАТЫ Хъазыбег.

Бæрæгбоны сценари мадæлон æвзагыл бацæттæ кодта **Бабочиты** Руслан.

Афæдзы райдайæнæй ныр бирæ мадзæлттæ арæзт æрцыд, фæлæ ма кæнинаг дæр бирæ ис.

Цыколайæгтæ зиумæ рацæудзысты æмæ зæронд уæлмæрд бафснайдзысты. Мæй æмæ æрдæджы фæстæ цы бæрæгбон уыдзæн, уырдæм хуынд уазджыты номхыгъд бацæттæ кæнын хъæуы, цæстуынгæ баннертæ фæзындзæн хъæуы уынгты, йæ бацæуæнты. Аивгæнæн куыстытæ конд æрцæудзæн автобусты станцæйы, ныридæгæн дзы видеоцæстдарды камерæтæ сæвæрдтой.

Хæстæгдæрræстæг, бæрæгбоны номыл, ныссадздзысты бæрзы æмæ сырх тулдзы талатæ, сæ нымæц уыдзæн, хъæубæстыл цал азы сæХХæст, уыйбæрц. Скъоладзаутæ бацæттæ кæндзысты нывæцæнтæ, равдисдзысты дзы сæ райгуырæн хъæумæ уарзондзинад.

Хицæн адæймæгтæн ратдзысты "Цыколайы кадджын цæрæджы ном".

"Ираф"

Паддзахадон цæстдард

Зæхх ыл цы бирæ хъæздыгдзинæдтæ ис, уыдонæй иу у хъæд. Йæ цъæх бæлæсты ауон, йæ рæсугъд дидинджыты хæрздæф æмæ дзæбæхгæнæн кæрдæджытæ, цъиуты зард æмæ сыгъдæг уæлдæф æвдадзы хос сты адæймагæн.

Æрдзы хъæбысы йæ тыхыл тых куыд бафты, уый алчидæр йæхиуыл банкъардта. Æмæ уыцы исбон фидæны фæлтæртæн бахъахъхъæныныл архайынц хъæды хæдзарады кусджытæ.

Кировы районы хъæдты фæзуат у 15 мин гектарай фылдæр. Ивгъуыд æнусы 30-æм азтæй нырмæ алы бæласæн, алы къудзийæн лæггад кæнынц хъæдгæстæ. Абон районы хъæды хæдзарадæн разамынд дæтты **Габеты Владимир**. Йæ бæрны цы 11 адæймаджы кусы, уыдонæн сæ фыццаградон хæс у, хъæды, æрдзы æмæ дæтты уавæрмæ паддзахадон цæстдард æвдисын.

Кæддæриддæр хъæдгæстæн стыр кад уыд æхсæнады. Хъæды хæдзарады бирæтæ кусынц дæсгай азтæ æмæ кæд сæ фылдæр нæлгоймæгтæ сты, уæддæр ацы куыстмæ хорз арæхсынц сылгоймæгтæ дæр. Иузæрдионæй фæллой кæнынц **Каджаты Людмилæ** æмæ **Тотайты Зæлинæ** дæр.

"Размæ"

Фæлладуадзæн бынат

Сæрды æнтæф бонты-иу Алагиры цæрджытæ, стыræйчысылæй, атындзыдтой, горæтгæрон цы бассейнтæ уыд, уырдæм. Кæд сæ алыварс бæстыхай аивгонд нæ уыд, уæддæр адæмæн уыд уарзон фæлладуадзæн бынат.

Суанг фæззæгмæ, райсомæй-изæрмæ сæхи надтой, хурмæ тавтой. Советон рæстæг арæзт бассейнтæн сæ доны хæрзхъæддзинад бæрæг кодтой сæрмагонд лабораторийы, æдасдзинады фарстатæм каст цыдис.

Хъыгагæн, цалдæр азы размæ сæ дон уагъд æрцыд æмæ 3,8 гектары фæзуат заууатмæ цæуы. Горæты бюджеты хардзæй фæлладуадзæн бынат сног кæнын, нырыккон фæрæзтæй йæ сифтонг кæнынæн фадат нæй.

Архитектор **Пæррæстаты Беллæ** бацæттæ кодта ног инвестицион проект, цæрджыты размæ йæ рахаста, йемæ зонгæ сты республикæйы Хицауад дæр.

Йæ хъуыдымæ гæсгæ, бассейнты цур уыдзæн тезгъогæнæн фæндæгтæ, бандæттæ, чысыл парк, — ахæм проект цардмæ рауадзынæн бахъæудзæн 100 милуан сомы.

Ныфс ис, регионалон, кæнæ федералон программæты архайгæйæ, алагирæгты бæллиц кæй сæХХæст уыдзæн, уый.

"Сæуæхсид"

Ног хынцæнтæ

Афæдзы кæронмæ Мæздæджы районы баивдзысты 10200 электрон тых нымайæн зæронд приборы. Сæ бæсты сæвæрдзысты нырыккон, интеллектуалон нымайæнтæ.

Ахæм æхХуыс цæрджытæн кæндзысты, нæ республикæйы Сæргълæууæг **Сергей Меняйло** æмæ компани "С-Плюс"-ы генералон директор **Дмитрий Мартынов** уалдзæджы цы бадзырд бафыстой, уый бындурыл. Куыстытæ бабар кодтой Мæздæджы электронтыхдæттæн куыстуаты специалисттæн.

Фыццаджыдæр уал ивдзысты, йæ бакуыстыræстæг кæмæн фæцис, уыцы хынцæн прибортæ, стæй æппындæр кæмæ нæй, уыцы хæдзæртты дæр сæ æвæрдзысты.

РЦИ-Аланийы хицауад æмæ компани "С-Плюс"-ы минаæвæрттæ баныхас кодтой, нæ республикæйы дарддæр дæр иумæйаг инфраструктурон проекттæ аразыныл. Сæ нысан у, электронтыхдæттæн комплексы райрæзты фæрцы, Цæгат Ирыстоны социалон-экономикон фидардзинадыл кусын.

"Мæздæггаг фидиуæг"

Æрмæджытæ бацæттæ кодта ГУГКАТЫ Жаннæ

Фестивал

"Æртхурон" райста приз

Цæгат Ирыстоны Педагогон колледжы фольклорон кафты ансамбл "Æртхурон" Уæрæсейы æмæ Евразийы адæмты фестивалы райста приз. Фестивал "Уырыссаг дуне" конд æрцыд Армавиры горæты равзæрды 183 азы кадæн.

Ансамблы аивадон разамонæг **Бестауты Георги** куыд радзырдта, афтæмæй коллектив бацæттæ кодта цыппар кафты. "Равдыстам "Хонгæ", "Ерыс", "Чызджыты кафт" æмæ "Фæсивæды кафт". Концертмæ æрбацæуæг адæм нæм тынг хорз цæстæй ракастысты, зæрдæбынæй ныл сæмбæлдысты.

Мах ма бацæттæ кодтам равдыстыты фæйнæг национ хуызы, кæй фæндыд, уыдон Ирыстоны культурæимæ базонгæ сты", — загъта Бестауы-фырт.

Нæ уацхæссæг

Ирон æмбисæндтæ

✲✲✲

Дæ рæдыд дын чи бацамона – дæ хорз уый фæнды.

✲✲✲

Фылдæр зоны, бирæ чи фæцард уый нæ, фæлæ бирæ чи федта.

✲✲✲

Хорз ныхас лæгъз кæнын нæ хъæуы.

✲✲✲

Иу бæлас хъæд нæма у.

✲✲✲

Магусайæн алы бон дæр бæрæгбон.

✲✲✲

Боны рухс цырагъхъуаг нæу.

✲✲✲

Хæрæг йæхи бæх бæргæ схуыдта, фæлæ йыл йæ хъустæ гадзрахатæй рацыдысты.

✲✲✲

Æгъдæутты хистæр – уæздандзинад.

Æрæмбырд сæ кодта ЦАЕТ ÆРАТЫ Ахболат, Ставд-Дуртæ

Ахуд æмæ фылдæр фæцæрай

Сыгъдæгуарзаг

— Нана! Уæ нана! Сыгъдæгуарзаг, дам, разынд дæ чындз. Уый æцæг у?

— Æцæг цы хоныс?.. Айфыццаг хъазы пакъуы æвзæрстам. Æмæ дзы гауызмæ æрхауди, айгъай... Уый мын сæ иугай æруидзын кодта фæстаг бумбулийы онг... Цъылынæй, дам, дын мæрзын нæ бакомдзысты...

Мыд æмæ хъыцъыдæттæ

— Нана! Уæ нана! Æмæ дын дæ чындз йæ мыды къусæй нæ адардта?

— Цайы уидыгæй... Ныр та мын хъæдын уидыгæй дары хъыцъыдæттæ...

Уыг

Цъиусур æмæ халон уыгыл сæмбæлдысты æмæ йæ бафарстой:

— Дæ хорзæхæй, зæгъ нын, уыг, дæ пакъуы афтæ фæлмæн цæмæн у?

— Уый уымæн афтæ у, мæ хуры чысылтæ, æмæ мæ зæрдæ дæр афтæ фæлмæн у.

Уæдæ дын, æгайтма, ахæм фæлмæн зæрдæ ис, зæгъгæ, бацин кодтой цъиусур æмæ халон æмæ йæ ныттыдтой.

Мæнгæн нæ фæзæгъынц: раст лæгæн — фæлмæн зæрдæ.

ХЪАУЫРАТЫ Дауыр

Нæ фарн — нæ удыхъæд

Æгъдæутты халæг нæхæдæг стæм

Цыфæнды æгъдау дæр цард мидисджындæр кæны. Уæлдайдæр, рæсугъд, адæймагдзинады хъуыды йыл æфтыд куы уа, уæд. Ахæмтæ сты ирон царды æгъдæуттæ. Сты, адæмы кæрæдзийыл бæттæг, кæрæдзи хъæр кæй фæрцы æмбарæм, æнкъарæм, ахæмтæ. Иу бакастæй — хæрзхуымæтæг, фæлæ — арфхъуыдыджын. Афæстаг рæстæг сæ кæмдæрты гуыбынмæ кæй аздæхтой, уый адæймаджы сагъæсы æфтауы, сæ мидис, сæ хъуыды иуварс кæй аззайы, æмæ фыдуынд кæй кæнынц, ууыл зæрдæ риссы. Уый охыл мæ бафæндыд газеткæсджытæн алы æгъдауæн дæр йæ мидис цыбырæй зæгъын.

Ирон чындзæхсæв

"Амæндтæ уарæг Хуыцау у", — фæзæгъынц ирон адæм. Нæлгоймагæй, сылгоймагæй кæмæ цы амонд кæсы, уый уæларвы тæрхонгонд æрцæуы, læппу æмæ чызгæн, дам, сæ баиуыл ныхас уæлейæ æрцæуы, стæй кæрæдзи бацагурынц, æмæ сæ фæрнджын адæм баиу кæнынц. Иу та бавæййынц, бирæ кæнгæ "къуырцдзæвæнты" сæрты ахизгæйæ, рæсугъд æмæ мидисджын æгъдæуттæ скæнгæйæ.

Уыдонæй иу, фыццаджыдæр, у æртæ хатты минæвæрттæ æрвитын. Хуыцаубоны кæнæ æртыццæджы æхсæвты. Уымæй дæр — æртыккаг хатт — фидыд æмæ дыууæ мыггаджы минæвæртты Хуыцауы раз, ардбахæрдау, кæрæдзимæ къухлæвæрд.

Стæй сиахсы сусæг цыд æмæ чындзхасты диссаджы хорз æгъдæуттæ. Афтæмæй адон дæр кæйдæрты зæрдæмæ нæ цæуынц. Æгæр"цæхджын", дам, сæ нæ кæнæм. Læппуйы, стæй чызджы бинонтæ æмæ хиуæттæ дæр, дам, сфæлмæцынц.

Æнцондæр уаид: læппу чызджы къухыл рахæцыд æмæ йæ йæ хæдзармæ æрбакодта. Фæлæ нæ афтæ дæр нæ фæнды. Уымæн æмæ дзы фарн нæй, зæрдæмæ нæ цæуы. Гуырдзыстонæй чи ралыгъд, уыцы ирæттæ та нын læппу æмæ чызджы сæ чындзæхсæвы иумæ бадын кæнынц. Уадз æмæ, дам, сæ чындзæхсæвыл сæхæдæг цин кæной.

Ирон чындзæхсæв та у адæмы цинæн, цæмæй дыууæ уды баиуыл, дыууæ мыггаджы хæстæгдзинадыл фæцин кæной æмæ сæ амондæн Хуыцауы раз хорз æвдисæнтæ уой, сæ фарн ыл бафтауой. Амондагур læппу æмæ чызг кæй баиу сты, уый стыр хъуыддаг у. Стыр хъуыддаг та æнæ адæм нæ фидауы. Гъе уымæ гæсгæ, ирон чындзæхсæвы æгъдæутты фыццаг бынаты æвæрд сты уæларвон тыхтæ, уыдонył фæдзæхсæм ног къайы.

Стæй дыккаг бынаты та ис адæмы фарн, дыууæ мыггаджы хæстæгдзинад. Æртыккаг бынаты та сты læппу æмæ чызг сæхæдæг. Раздæры азты сæ-иу цы æгъдæуттæ кæнын хъуыд, хъазгæмхасæнты сæ-иу цы къуырцдзæвæнты баппæрстой, уыдон æнæхъæн спектаклтæ уыдысты. Æнæфæхудгæ сæм ничи læууыд. Суанг сæхæдæг чызг æмæ læппу дæр. Уыцы æгъдæуттæ адæймагæй домдтой зонд, æрхъуыдыдзинад æмæ курдиат. Зæронды бонтæм сæ-иу сæ зæрдыл уымæн дардтой. Уæд дæр ма сылгоймагæй сæхи худæгæй схастой.

Усгур æмæ чындз фынгыл иумæ куы бадой, уæд уым та бахæрд æмæ баностæй уæлдай ницы ис, æмæ дзы дæ зæрдыл ницы бадардзынæ. Стæй уый мах æгъдау нæу! Нæ фыдæлты фарн, сæ намысмæ ницы бар дары. Ницы хъуыды æвæрд дзы ис. **Алкæмæн дæр йæхион — йæхи. Уымæй дæр, дæхион хуыздæр, мидисджындæр куы уа.**

Æмæ, æвæдза, цас хъуыды æвæрд ис ирон чызгыл чындздзон дзаума скæныны, хыз ыл æркæныны, уаты къуымы læууын, хыз исыны, мыдыкъус дæттыны. **Ирон чындзæхсæв царды Академион театры æнæхъæн спектакл у.** Уымæй дæр царды фарн æмæ амонд æфтауæг спектакл. Бадты хистæрæн къухылхæцæг æмæ æмдзуарджын чындзы йæ разы куы 'рлæууын кæнынц, уæд хъæрæй хуымæтæджы нæ фæзæгъы: "Фарн æрцыди, læппутæ!" Æмæ йын læппутæ хъæрдæрæй дзуапп радтынц: "Амонд — йемæ!"

О, фæлæ, нæ чындзæхсæвтæ ресторантæм хæссын кæй райдыдтам, уый тыхсын кæны ирон адæмы. Уымыты æгъдау йæ гаччы нæ вæййы. Уæлдайдæр, хыз исыны æмæ мыдыкъусы æгъдау. Искæй дзæгъæл къуымы дæ чындзыл дзаумæттæ скæнын, йæ хыз ын сисын цас раст у. **Дæ чындзы хъуамæ дæхи Бынаты хицауыл бафæдзæхсай.** Æмæ кæд æнæ ресторан нал ис, уæд уыцы æгъдау дæ хæдзары, дæ фатеры уæддæр скæн. Цас зын хъуыддаг у, чызг кæм бахъомыл, уым ыл чындздзон дзаума, хыз æркæнын æмæ йæ уырдыгæй æгъдауыл ресторанмæ чындзæхсæвмæ бакæнын. Стæй йын йæ мойы хæдзары, — йæ фатеры, кæм цæрдзæн, уым йæ хыз сисын, Бынаты бардуагыл æй бафæдзæхсын.

Фидыд

Уæлдæр куы загътон, чындзæхсæвы размæ вæййы Фидыд æмæ Сусæг цыд. Фидыды фæархайынц минæвæрттæ. Семæ — къухылхæцæг æмæ æмдзуарджынæй сæ иу кæнæ сæ дыууæ дæр, цæмæй чызджы бинонтимæ базонгæ уой æмæ дыууæ бинонты æхсæн бастдзинæдтæ дарой, æмæ хъуыддаг æгъдауыл, нывыл сыræза, ацæуа.

Фидыды рæстæг, куыд алы цины хъуыддаджы дæр, хистæрæн бады сыхæгтæй кæнæ бинонты хорз хæлæрттæй æгъдауæвæрæг ас нæлгоймаг. О, фæлæ быцæу рауайы, минæвæртты æмæ чызджы мыггаджы номæй хистæртæй рахизæрдыгæй чи хъуамæ бада, ууыл. Алы цины хъуыддаджы дæр фысымы мыггаджы номæй хистæрæн æнæмæнг бадгæ у рахизфарс. Хистæр фыццаг сидты бар дæр хъуамæ уымæн радта. Уымæн та йæ хæс у бадты адæмæн раздæр мыггаджы номæй нуазæнтæ радтын, стæй сæ цæрæнбоны тыххæй сидт рауадзын.

Минæвæртты хистæр фидыды бады æртыккаг хистæрæн, æмæ куы бафидауынц, хистæр æртæ хæбизджыны æмæ æртæ фæрскæй хъуыддаг Стыр Хуыцауыл, йе сконд зæдтæ æмæ дауджытыл куы бафæдзæхсы, уæд чызджы мыггаджы хистæримæ фынджы сæрты кæрæдзимæ сæ къухтæ радтынц. Уый у хойрагæй ардбахæрды хуызæн.

Сусæг цыд

Фидыды фæстæ сиахс йæ каистæм чындзæхсæвы размæ фыццаг хатт куы бацæуы, уæд уый хуыйны Сусæг цыд. Сусæг та уымæн, æмæ фæцæуы нымдгæнгæ, йæхи æмбæхсгæ йæ къухылхæцæг, æмдзуарджын, стæй йæ хуыздæр æрдхæрдты, хæлæрттæ æнцой, сæ ныфсæй. Изæры тарф дæр уымæн равзары. Фæсивæды йеддæмæ йæ куыд ничи фена, афтæ. Фынгыл дæр фæбады уыдонимæ, йæ фидæны цардæмбалимæ йын аныхас кæнынæн фадат фæвæйыы. Йемæ бахæссы къафеттæ æмæ мадæн læвæрттæ. Йе 'мбæлттимæ барæвдауынц æфсинты. Сыхы, хиуæтты фæсивæд сæм æрбамбырд вæййынц.

Сусæг цыды чызг хæстæгмæ базонгæ вæййы йæ къухылхæцæг æмæ æмдзуарджынимæ. Уæдæй фæстæмæ райдайы сæ хæлар ахастдзинад, кæрæдзи æмбарындзинад. Чызгæн свæййынц йæ ныфсытæ.

Сиахсы цыд

Чындзы йæ цæгатæй цы бон ахæссынц, уыцы изæр-иу сиахс та йæ хæлæрттимæ йæ каистæм æрбацыд. Уый цыдæр арф хъуыдыйыл æнцой кæны. Чындзы куы ахæссынц, уæд хуынд адæм дæр сæ хæдзæрттæм атагъд кæнынц, æмæ хæдзар айафтид вæййы, бинонтæ ма аззайынц æрмæст хæрз хæстæджытимæ, лæггадгæнджытимæ. Æмæ цæмæй уыцы уаг фысымты — чызгæрвитæг бинонты зæрдæты æнкъардзинад ма равзæрын кæна, уый тыххæй ирон адæм æрхъуыды кодтой æгъдау Сиахсы цыд.

Сиахсы æрбацыдмæ сыхы фæсивæд, хæрз хиуæттæ æхсызгонæй фенхъæлмæ кæсынц. Æмæ хæдзар дзаг вæййы хъæлдзæгдзинадæй, кафт æмæ зардæй. Ноджы цымыдисагдæр æмæ хъæлдзæгдæр-иу уыдис, сиахсы-иу алы куыстыты, уæлдайдæр та кусарт кæнынæй, стæй кафын, зарынæй куы фæлвæрдтой, уæд. Хъазт-иу фæсæмбисæхсæвтæм нæ банцад чызгарвитæг бинонты хæдзары.

Ныр нæ уыцы æгъдау дæр рох кæнын райдыдта, нæ къух ыл исæм, чындзæхсæвтæ æмæ чызгæрвыстытæ ресторанты кæнын кæй райдыдтам, уый фыдæй. Ахæм уавæры сиахс кæм хъуамæ скæна йæ Сиахсы цыды æгъдау?!

Цæгат æмæ Хурæргом хæдзар

Чызг куы бахъомыл вæййы æмæ йæ амонд æндæр мыггаджы æхсæн куы ссары, уæд ын йæ ныййарджыты хæдзар, кæм бахъомыл, счызг, моймæ кæцæй ацыд, уый хонын райдайынц йæ Цæгат. Ома, йæ мойы хæдзарæй, цот кæм кæндзæн, царды цинтæ æмæ зынтæ бирæвæрсыгæй кæм банкъардзæн, уымæй йын фæуазалдæр, цæгаты ад ын кæнын райдайдзæн, цæгат дæр æй уымæн хонынц.

Йæ мойы хæдзар та йын свæййы Хурæргом хæдзар. Царды хуры хъарм кæм фендзæн, банкъардзæн, ахæм. Уый царды фæтк, мидис у, йæ ад ын зæрдæйæ æмæ зондæй уым банкъары, хъæбулы уарзт уым базоны, йæ ныййарджыты хæдзарæй йын фæхиуондæр, фæадджындæр вæййы.

ЦГЪОЙТЫ Хазби

Цæмæн фæзæгъæм: "Кæй бон у, уый хорзæх дæ уæд?□

"Дæ бон хорз" искæмæн куы фæзæгъæм, уæд фылдæр хатт райсæм ахæм дзуапп: "Кæй бон у, уый хорзæх дæ уæд!" Алчидæр нæ радты ахæм дзуапп. Фæлæ стæм ахъуыды кæны, цы амоны, ууыл. Уыцы стæмтæй иу уыд газет "Рæстдзинад"-ы кæсджытæй. Йæ фарст æрбадзырдта телефонæй. Дæттæм ын дзуапп.

Ирон адæм сæ царды бонтæ нымайынц: къатыбонтæй, æнцойбонтæй, рæмонбонтæй, бæрæгбæттæ æмæ тæфæбонтæй. Къатыбон у кусгæ бон, æнцойбон — фæлладуадзæн бон, рæмонбон — цины бон, бæрæгбон — кувæндонмæ цæуæн, кувæн бон, тæфæбон — мардæрцыдыл хъыггæнæн бон.

Уымæй уæлдай ма ирон адæммæ къуырийы алы бон дæр баст у кæцыдæр зæд кæнæ дуаджы номимæ. КЪУЫРИСÆР у Уацилламæ, Алардымæ, Тутырмæ кувæн бон, нымад у уыдоны бонył. ДЫЦЦÆГ у Уастырджийы бон, ÆРТЫЦЦÆГ — Бынаты бардуаджы, ЦЫППÆРÆМ — Мыкалгабыры, МАЙРÆМБОН — Мады зæды, Мады-Майрæмы, САБАТ у мæрдты бон, ХУЫЦАУБОН — Хуыцауы бон.

Къуырийы бонтæн сæ æхсæвтæ дæр сты уæлдæр ранымадмæ гæсгæ уыцы зæдты æмæ дауджыты, стæй сабатæхсæв — мæрдты æмæ Хуыцауæхсæв. Æмæ дын "Дæ бон хорз"-æн исчи куы зæгъа: "Кæй бон у, уый хорзæх дæ уæд", уæд æй зон: къуырисæры дæ кæй фæдзæхсы Уацилламæ, Алардымæ, Тутырмæ; дыццæджы — Уастырджийы, æртыццæджы — дæ Бынаты бардуагыл, цыппæрæмы — Мыкалгабырыл; майрæмбоны — Мады зæдыл, Мады-Майрæмыл, хуыцаубоны — Стыр Хуыцауыл.

Сабат мæрдты бон у æмæ, дам, зæды аудындзинадæй марды аудындзинад къаддæр нæу. Дæ мæрдтæ дыл аудæнт, сæ уæлеон зæрдæ дæм дарæнт. Ирон адæм сæ мæрдтæй хуымæтæджы нымд нæ кæнынц. Рæстæгæй-рæстæгмæ сын фынджыдзагæй сæ ном ссарынц. Сылгоймаг та йæ мойы мард хиуæттæй искæй ном бадгæйæ куы фехъусы, уæд фесты æмæ йын "рухсаг у" фæзæгъы.

Поэзийы уылæнтæ

РÆМОНТЫ Георг

Æхсæвæддæ хъæды

"Фырт мæ зæгъ, бæрзбæлас!.."
Н. Дмитриев

1

Мæ læуд фæдзæхст хъæды, фæсвæд,
Нæу хорз пъæра тары мæ уавæр.
Хъæбул мæ зæгъ дæхицæн, хъæд,
Мæн, хауæггаджы, сбонмæ бавæр!

Цæмæн бацыдтæн тæрфы арф?
Цæмæн дзурын: нæ æмбаст — рагон!
Уыны æрдзæ цæстытæй арв, —
Нæ дæн хъæд — дунейы æддагон.

Цæрæм мах иу зæххыл, — фæлтæр
Йæ тугхæссæг кæны фæлтæры:
Дæ уидæгтæ æмбæхсæг — мæр,
Æмбæхст мæ уидæгтæ дæр мæры!

2

Ам мæ рæсæн — пыхс, цъыхыры...
Уд, уæлдай æнцой ам ма кур, —
Сбонмæ стъалыты пырх хуыры
Диссаг — тæмæссæгтæ агур.

Нæй кæрон йæ уæрх, йæ арфæн.
Уыцы стыр дуне — æнæ сым ...
Кæс, йæ дзыгъуыр русыл арвæн
Судзгæ цæссыг — мæй — æрлæсы.

2020 азы август

✲✲✲

Зæрдæйыл азтæй — хъæбæр цъар, —
Цас сæм цæлхдуртæн æрмæг!
Искуы уыдзæни дзæбæх цард,
Уый ма кæй у ныр уырнæг!..

Абон сæрхызтæй — тыхст — мæтъæл.
Ивгъуыдыл — дзуарæвæрд хахх ...
Райгæ хъæлдзæгуаг хъысмæт мыл
Раджы æркъуырдта йæ къах.

✲✲✲

Сгуыхæм, охх, сырд — тызмæгæй
фарнсафаг, фæткивæгæй:
Кусгæ дæр — æнтъыснæгæй,
Рæстмæ къахдзæф — зивæгæй...

Иры бархъуаг — нарты дзырд, —
Не 'ндавы уый цуроны...
Цардыхæлд — нæ мардæрцыд,
фæлæ — ма йæ ц 'уромы!

✲✲✲

Ч. ф — йæн

Дæ сыгъдæг сабион æнгасæй
Нырма нæ фæхъуыд мисхал, цъус...
Уæдæ дæ уд дæр баззад уазæй, —
Йæ рухсмæ бафтыди-ма рухс.

Æз та? О цас фæдæн æууæрстты!
Мæхи, цыфыддæры, фæрсын:
Куыд уæндын ахизын йæ фæрсты,
Æмæ йæм дардæй дæр кæсын!

✲✲✲

Уыдтæ кæм рæбыны æвæрд æм?
Уæвгæ куыннæ бацæуон дисы! —
Æрдз абон райгæ дæу фæйнæрдæм,
Йæ уаздæр хæзнайау, æвдисы.

Læууыс: зæрин тæмæн, цæхæр дæ.
Дæ цуры дидинджытæ 'рттивынц,
фæлæ æфсæрмæй къул сæ сæртæ,
Уым иунæг азимаг — дæ фидыц.

Сауцъиу

1

Зынаргъ мын сауцъиу, уарзон.
Ме 'мсæрау ыл — мæ ныхас:
фæтк — фидарæй йæ маргъон
Хæстыл — удбаст, сæрылхаст...

Цы зæлзгъæлæн — йæ дзыхæй!
Цы цин — мыртæ фæлдисы!..
Йæ ахсджиагдæр чысыл хай
Æрдзæн кæй у — æвдисы.

2

Цас дин хæссы цардмæ
Иунæг сауцъиу, иу!..
Рухс — уæрæх йæ зардмæ
Æрдз æмæ мæ риу.

✲✲✲

Поэт нын ныр йæхицæй райдзæн!
Кæс, фырбуцæй й 'алы къахдзæф — хъавгæ.
Цы майдан не 'мбæлди йын райсын,
Уый райста, æмбæлд ын, цыма, афтæ.

2020

Поэты фæлгонц

1

Уый фæндаг — даргъ хæсау,
Уый тухæн — уаргъ — уæззау.
Хæрзуагмæ — зæрдæлвæст,
Тых ын нæу гæбæр цæст...
Йæ мидуд — цъæхфæлыст.
Кæд тохтæй — æгæр рыст, —
Нæу уарзт гъе ныфсивад:
Кæм и хъиамæт уый фаг!..

2

Хæссы дзырд-фидауц цардмæ,
Цыма цырагъ нын дары;
Ис ахæм тых йæ зардмæ —
Хæрам удтæм дæр хъары ...

Уæлмонц йæ зæххæй 'фты йæм, —
Йæ маст, йæ хъыгæй риссы:
Нывналы мидæрфытæм,
Йæ дзырд хæдхуызæй сисы.

Фæзминаг кæстæртæ

Æмæ та ногæй Ирыстонмæ

Æрыдойнаг чызг Уаниты Земфирæ Ирыстоны кæцы къуымæй нæ ракаст, ахæм, æвæццæгæн, нал баззад. Йæ райгуырæн бæстæ зоны, куыд йæ фондз æнгуылдзы: алы кувæндон, дзуары бын, рæсугъд æхсæрдзæн, сусæг лæгæт, сурæтхуыз кæмттæ къахвæндæгтæ... Зоны ахæм бынæттæ, кæцыты адæймаджы зæрдæ фыр æхсызгон æнкъарæнтæй нысæххæт кæны, бамыр вæййы.

Земфирæ йæхæдæг куыд зæрдиагæй уарзы йæ райгуырæн бæстæ, афтæ зæрдæмæдзæугæ йæ скæны Ирыстонмæ 'рбацæуæг уазæг адæмæн дæр. Ныр авд азæй фылдæр кусы экскурсоводæй. Кæны сæрмагонд экскурситæ, Уæрæсейы алы къуымтæй нæм чи 'рбацæуы, ахæм бæлццæтты къордтæн.

Уаниты чызг 2010 азы каст фæцис Хетæгкаты Къостайы номыл Цæгат Ирыстоны паддзахадон университеты историон факультет. Йæ фидæны дæсныйад равзæрста зæрдæйы фæндонмæ гæсгæ æмæ абон йæхи хоны тынг амонджын. Æртæ азы скъолайы куыста ахуыргæнæгæй, стæй йын фадат фæцис Дзæуджыхъæуы Цæгат Кавказы арæзтадон техникумы историйы ахуыргæнæгæй кусынæн. Æрыгон фæлтæрæн уарзын кæны нæ райгуырæн бæстæ.

— Цы кусыс, уый хъуамæ иттæг хорз кæнай, — æдзух фæдзуры Зифæ йæ ахуырдзаутæн æмæ йæхæдæг дæр уыцы фæткмæ гæсгæ цæры, йæ зонындзинæдтæ фæфылдæр кæныныл архайы.

Экскурсоводы фыццаг сертификат райста æртæ азы размæ. Фæлæ ууыл не 'рлæууыд. Йæ фæлтæрддзинад фæбæрзонддæр кæныны фæдыл æрæджы сæрмагонд уроктæ райста нæ республикæйы зындгонд экскурсовод Александр Сонинæй.

— Раст фæндаг равзæрстон. Иу уысм дæр ыл никуы фæфæсмон кодтон, — дзуры Земфирæ. — Истори зонын æмæ амонын, æрмæст цымыдис нæу, фæлæ ма ахсджиаг хæс дæр. Уымæн æмæ абон бирæ адæмы фæнды историйы цаутæ сæрæй къæхтæм æрзылын, ныфыссын сæ ногæй сæхи пайдайæн. Йæ бæстæ чи уарзы, уый хъуамæ йæхæдæг тырна йæ адæмыхатты, йæ райгуырæн зæххы истори зонынмæ. Æмæ ныл уæд гадзрахатæй ничи рацæудзæн.

Земфирæ кусгæ бонты техникумы студентты æхсызгонæй зонгæ кæны нæ бæстæйы историимæ, улæфты бонты та йæ уазæгуарзаг зæрдæ байгом кæны нæ республикæйы уазджытæн.

— Рагæйдæр мæм уыд ахæм миниуæг. Мæхæдæг-иу цы ног рæсугъд бынат федтон, уый мæ фæндыд равдисын мæ хорз хæлæрттæн дæр. Цæмæй иннæтæ дæр банкъарой уыцы диссаджы æнкъарæнтæ, сæ зæрдæтæ, мæнау, барухс уой. Æмæ мын Хуыцау бирæ азты фæстæ уыцы фадат балæвар кодта. Мæ амонд мæ ахæм адæмимæ сæмбæлын кодта, æмæ мæ царды чиныджы фæзынд ног сæргонд. Абон мæ бон бæлвырд зæгъын у — туризм мæ æрвылбонтæ цымыдисагдæр æмæ рæсугъддæр кæны, — зæгъы Уанион. — Ирыстон кæд фæзуатæй чысыл у, уæддæр йæ феныны аккаг бынæттæ стыр бæстæйы бæрц сты. Куырттаты ком, Уæлладжыры ком, Дайраны ком, Дыгургом, Хъæрмæдон, Дæргъæвс, Зруг, Хъобан, Цъæй... Иууылдæр сæ чи ранымайдзæн! Кæмфæнды уой нæ уазджытæ, уæддæр баззайынц тынг разыйæ. Фæзæгъынц, Швейцарийы Альпæтæй, дам, Ирыстоны хæхтæ рæсугъддæр сты. Канд нæ æрдз нæ, фæлæ ма нæ адæмы æмæ нæ хæринæгтæ дæр бауарзынц, фынджы бæркад сæ дисы бафтауы. Уæлдай дæр та ирон бæгæны æмæ чъиритæ.

Тынг æхсызгонæй фæхъусынц уазджытæ, ирон 'гъдæуутты тыххæй сын куы фæдзуры, уымæ. Хæстæг сæ сæ зæрдæмæ райсынц, стыр аргъ фæкæнынц, нæ дзуæртты бын цы уагæвæрд ис, уымæн.

— Зæгъæм, кувæндон кæнæ æндæр рухс бынæттæм цæугæйæ сын рагацау фæзæгъын, цы уæлæдарæсы æмбæлы уырдæм бацæуын, уый. Æмæ сæ алчидæр сæхæст кæны уыцы домæнтæ. Бæгъæмсарæй, цыбыр хæлæфты кæнæ гом уæхсджытимæ ничи 'рбацæуы. Суанг ма, куыд æмбæлы, афтæ бæгъæвадæй дæр ссæуынц кувæндонмæ.

Пятигорск, Стъарапол, Мæскуы, Санкт-Петербург, Урал... Фылдæрæй-фылдæр кæны, æрвылаз нæм цы бæлццæттæ цæуы, уыдонæн сæ нымæц æмæ географи дæр, — зæгъы Зифæ.

— Ирон адæм нæ зонынц, цы диссаджы ран цæрынц. Стыр Хуыцау нын нæ алфамбылай ахæм æрдз сфæлдыста, æмæ афтид уый дæр амондæн фаг у. Æрдзы хъæбысы, цъæх цъиститы бын, хæххон цæугæдоны сыр-сырмæ хъусгæйæ, адæймаг цыма ногæй райгуыры, йæ цардмæ æндæр цæстæй ракæсы. Фæллад, зæрдæрис, фæсмон, хъыгдзинад... Иууылдæр фæцыдæр вæййынц. Сæ бæсты сæвзæрынц æхцондзинад æмæ удæнцой, — зæгъы чызг.

Зифæйæн кæд йæ цард æмæ куысты иунæг уагъд минут дæр нæй, кæд ын рæстмæ баулæфынæн дæр рæстæг нæ фаг кæны, уæддæр йæ цардæй райгонд у. Æхсызгонæй кусы ахуыргæнинæгтимæ, æндæр адæмыхæттытимæ зонгæ кæны. Æвæццæгæн, ын уыдон дæттынц ног тыхтæ, уæлмонц æй кæнынц.

Сыгъдæгзæрдæ, арф зонындзинæдтæ æмæ цымыдис экскурситы фæрцы Зифæ йæхицæн кад скодта. Сæйраг æвдисæн уымæн у, йæ раздæры бæлццæттæ ныр та сæ хæлæрттимæ ногæй Ирыстонмæ кæй æрбафтынц, уый.

Дæ зæрдæйы хъарм радт, æмæ дæм дывæрæй æрбаздæхдзæн.

ГОДЖЫЦАТЫ Аланæ

Цардæй ист хабæрттæ

Доныхъазы маст

Ацы æвирхъау хабар фехъусгæйæ та, æрвдзæфау фæдæн. Ме 'мбæлттæй мын иу ракодта ацы зæрдæрисæн хабар — Хетæгкаты Къостайы номыл фæлладуадзæн парчы цы дыууæ рæсугъд доныхъазы уыд, уыдонæй иуы чидæр амардта.

Æз уайтагъд мæ фæндаг акодтон паркмæ. Уым федтон ахæм тæригъæддаг ныв: малгæрон мардæй хуыссыд, адæм-иу кæсынæй кæмæ не 'фсæстысты, уыцы доныхъазтæй иу. Йæ цуры, цавддурау, бамыр йе 'мбал доныхъаз. Мæ фарсмæ цы чысыл хъоппæгцæст чызг лæууыд, уый-иу йæ печенийы 'рдæг доныхъазмæ бадардта, фæлæ-иу æм уый кæсгæ дæр не 'рбакодта. Чызгæн йæ цæстытæ доны разылдысты, æмæ йæ мадæн кæугæйæ дзуры:

— Ма-мæ... Ныр амæн йе 'мбалы амардтой, фæлæ ай дæр хæргæ куынæуал кæны, уæд нæ амæлдзæн?.. Истыхуызы ма йын бахæрын кæнæм...

Мад дæр доныхъазы тæригъæдмæ кæсгæйæ, йæ цæссыгтæ нал баурæдта æмæ йæ хъæбулæн ризгæ хъæлæсæй загъта:

— Ныр, æвæццæгæн, ацы доныхъаз адæймаджы къухæй хæринаг никуыуал райсдзæн... Фæхудт сыл йæ зæрдæ. Цавæрдæр фыдгæнæг ын амардта йæ цардæмбалы, æмæ...

— Парчы хицау ын ног æмбал, мæнæ кæй амардтой, ахæм доныхъаз куы балхæна, уæддæр нын нæ къухтæй хæринаг нал хæрдзæн? — ногæй та бакъуымы кодта кæугæйæ уыцы чызг йæ мады.

— Доныхъазтæн тынг тыхджын у сæ уарзт... Ныр ацы æнамонд доныхъазæн дæр никæд ничиуал баивдзæн йæ цардæмбалы... Уастæн ын йæ тæригъæд фæхæссæд, ацы диссаджы рæсугъд маргъмæ йæ къух чи систа... — арф ныуулæфгæйæ та йын загъта мад.

Ацы ныхæстæм зæрдæрисгæйæ, хъуыстой мæ фарсмæлæууæг адæм дæр. Ничи сæ ницы дзырдта. Алчидæр йæ судзгæ маст йæ зæрдæйы дардта. Чысыл чызг та, махæй, хистæртæй, алкæй цæстытæм дæр комкоммæ каст æмæ нæ дзуапп агуырдта йæ фарстæн.

Гъе 'рмæст ын бæлвырд дзуапп радтын нæ бон нæ уыд.

ЧЕРЧЕСТЫ Хъасболат

Не 'взаг — нæ хæзна

Иронау дæм дзурын — иронау мæм дзур

Алы адæймагæн дæр æрдзæй лæвæрд вæйиы иу æвзаг. Уый хуыйны — мадæлон. Ирон адæмæн се стырдæр хæзна у се 'взаг. Фæзæгъынц, зæгъгæ, саби цæмæй мадæлон æвзаг бауарза æмæ йыл дзура, уый тыххæй бинонты 'хсæн хъуамæ хъуса ирон дзырд.

Нæ рагфыдæлтæ нæм мингай азты сæрты рæсугъдæй цы æвзаг æрхæццæ кодтой, уый хъуамæ кæстæртæ дæр дарддæр царды рæсугъдæй хæссой, сæрыстыр дзы уой æмæ хъахъхъæной нæ удварны хæзнатæ, нæ рæсугъд æгъдæуттæ.

Фæлæ, хъыгагæн, бирæтæ иронау дзурын сæ сæрмæ нæ хæссынц. Ахæм адæймаг у æнæфенд, цыбыр зонды хицау. Мæ фыд афтæ фæзæгъы: **"Йе 'взагыл былысчъил чи кæны, уымæй хорз адæймаг никуы рауайдзæн, уымæ хорз фидæн не 'нхъæлмæ**



кæсы". Бæласыл бадгæйæ, къалиу дæ быны куыд лыг кæнай, уый хуызæн мæм кæсы. Уый тыххæй мæ зæрдæ æнкъарæнтæй у дзаг. Бафæрс сабиты иронау — "Понимаю, но не говорю", зæгъгæ, дзуапп фехъусдзынæ.

Адæймаг, дам, цал æвзаджы зоны, уал лæджы у. О, фæлæ дзы уæддæр хи æвзагæн æмбал нæй. Ирæттæ æрмæст ирон æвзаг зонынæй стæм. Афтæ куынæ уа, уæд ирон адæммæ ницы бар дарæм. Алы цæрæгойæн дæр ис йæхи æвзаг: зæрватыкк йæхирдыгонау цъыбар-цъыбур кæны, куыдз — куыдзы рæйд кæны, гæды — гæдыйы уаст. Сабитæ, æрыгон фæсивæд куы дзурой иронау æмæ уынгты куы зæла ирон æвзаг, уæд ын уыдзæн рухс фидæн дæр.

Куыд хъæуы æвзаг бахъахъхъæнын, уымæн бæлвырд мадзал ничима ссардта. Фæлæ уый, фыццаджыдæр, ис бинонты бæрны, уымæн æмæ мад йæ сабимæ куынæ сдзура, куынæ йæ барæвдауа, зонд ын куынæ бацамона мадæлон æвзагыл, уæд паддзахæдтæн сæ бон у, æмæ фыссой сæдæгай программæтæ, уæддæр дзы ницы рауайдзæн.

Ирон æвзаг цæрæд æнустæм, тыхджынæй-тыхджындæр кæнæд, æмæ йын фесæфæн макуы уæд.

ХÆМÆТХЪУАТЫ Иринæ,
ЦИПУ-йы журналистикæйы факультеты 4-æм курсы студенткæ

Арæнтæ

Электрон рады уагæвæрд

"Уæллаг Ларсы" уадзæн пункты уæзæгтæ ласæн транспорт цæуынæн уымæй размæ цы электрон рад скодтой, уый фæстæдæрмæ ивд æрцыд.

Фæндагон змæлды арæзты центры кусджытæ куыд зæгъынц, афтæмæй, электрон рад регистраци кæм кæнынц, уыцы бынат дæр æндæр раннмæ раивтой. Уæзæгтæ чи æрвиты, æвгæны æмæ ласы, уыдон Дзæуджыхъæу æмæ республикæйы иннæ районтæй, уадзæн пункт "Уæллаг Ларс"-ыл цæуынмæ кæд хъавынц, уæд хъуамæ зоной ацы хъусынгæнинаг. Цæмæй электрон рад æнæ къуылымпытæй цæуа, адæм ма тыхсой, уый тыххæй регистрацийы бынат Цмийы хъæуæй раивтой Джызæлмæ фæзилæнмæ, автомобилон фæндаг Дзæуджыхъæу — Æрыдон — Цыкола — Лескен — 2-йы 10-æм километрмæ.

Куыд зонæм, афтæмæй, Уæрæсейы арæнтыл чи хизы, уыцы транспортæн электрон рады программæ саразыны фæндон бахаста нæ республикæйы сæргълæууæг **Сергей Меняйло**.

Цæстдараен-уадзæн пункты сæрты уæзæгтæ ласæн транспортæн æнцондæрæй ацæуынæн ацы системæ уыдзæн ахъаз.

ГУГКАТЫ Жаннæ

Равдыст

Компани "Бавари"-йы продукци

Мæскуыйы равдыстыты центр "Крокус Экспо"-йы ацы бонты цæуы æппæтадæмон 31-æм фæззыгон равдыст.

Ацы равдысты йæ конд продукци æвдисы компани "Бавари" дæр. Цæгат Ирыстоны æмæ куыстуатæн йæхи сæрмагонд стендтæ сфидыдтой бынæттон хойраджы продукцийæ.

"World food"-ы фæзы бадзырдтæ бафыссæн ис æмгуыстгæнджытимæ, базонгæ уæвын фидæны æмбæлттимæ.

— Равдысты архайджыты 'хсæн цæстахадгæдæр у "Бавари"-йы ног "Кола", нæ адджын дæттæ "Премиум" æмæ, æнæдызæрдыгæй, суары дон "Тбау", — зæгъы куыстуаты коммерцион директор **Абойты Зауыр**.

Базарады куыстгæнæг 16 мин специалистæй фылдæр бабæрæг кодтой ацы равдыст. Уæрæсейы 82 регионы æмæ фæсарæйнаг 23 паддзахады зындгонд компанитæ сæ конд хойраджы продукттæ равæрдтой тæрхæджытыл.

Нæ уацхæссæг

Дзырдбыд

ФÆРСЫРДÆМ: 3. Хæринаггæнæг. 8. Æфсæддон цин. 9. Фронтмæ хæстæг хæстон фæндаг. 10. Лыстæг фос. 11. Тæхæг маргъ. 12. Карст хоры цъупп. 13. Бæласы мыггаг. 15. Хомамæст. 18. Джыбы. 20. Музыкалон инструмент. 22. Фосы низ. 23. Тыхми. 24. Адджын гуыл. 25. Хуыйæн машинæйы хай. 26. Уазал. 27. Рагон испайнаг æхца. 28. Сывæллоны сынтæг. 30. Паддзахад Европæйы. 37. Гыццыл хæраг. 38. Цыбыр топп. 39. Сырд. 40. Æппæт рæтты. 41. Фыйиауы кусæнгарз. 42. Дыргъ.

БЫНЫРДÆМ: 1. Чызджы лæг. 2. Судзгæ зынгтæ. 3. Сырдты къорд. 4. Бæхы мыггаг ирон адæмон сфæлдыстады. 5. Хæссинаг. 6. Адджын чъири. 7. Къостайы æмдзæвгæ. 13. Хъæддаг лыстæг цæрæгой. 14. Бæхифтындзæн дзаума. 16. Дохтыры дæсныйад. 17. Каубыд къул. 18. Коцойты Арсены пьесæ "Сау мигъты" архайæг. 19. Ахорæн. 21. Гомеры уацмысы архайæг. 29. Ирон хæринаг. 31. Фæсдзæуин рагон царды. 32. Дзыхъхъ аг æвæрынæн. 33. Адæмыхатт Уæрæсейы. 34. Ласинаг. 35. Æхцайы бæрц. 36. Горæт Архангельскы облæсты.



Дзуаппытæ 17 сентябры номыры мыхуыргонд дзырдбыдæн

ФÆРСЫРДÆМ: 7. "Заманхъул". 8. Хæрисджын. 9. Арыхъхъ. 11. Къæппæг. 12. "Хæрзбон". 14. Гæбæт. 16. Тапажос. 18. Æфсондз. 19. Фæлдурæджджын. 22. Тегеран. 23. Хъæдгæс. 24. Хъæмп. 28. Кæрдзын. 29. Джимара. 30. Гæнгæлы. 31. Майрæмбон. 32 Экономикæ.

БЫНЫРДÆМ: 1. Хæнкъæл. 2. Æфсымæр. 3. Байзæддаг. 4. Хуырхæг. 5. Гæххæтт. 6. Мыдыбындз. 10. Хъæбысæйхæцæг. 13. Памфлет. 15. "Рогнеда". 17. Садон. 18. Æндах. 20. Репертуар. 21. Зæрватыкк. 24. "Хæлæгой". 25. Поллукс. 26. Ныккæнд. 27. Джебогъ.

РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ

Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Æфсæддон комиссарад

Уæрæсейы Федерацийы Гæрзифтонг тыхтæм æфсæддон службæмæ исы граждæнты контрактон бардзырд бафыссыны бындурыл.

Ист цæуынц граждæнтæ 18 азæй 60 азмæ, æнæниз æмæ психотерапевтон диспансеры номхыгъды чи нæй, тæрхонгонд кæмæн нæ уыд, фиддонтæ кæмæн нæй, ахæм адæймæгты.

Фыст сын цæудзæн 200 мин сомы æмæ уæрæхдæргонд социалон пакет. Бацæуæн ис, цы ран цæрут, уым æфсæддон комиссарадмæ, науæд та, æфсæддонты контракт бафыссыны бындурыл кæм исынц, уыцы æвзарæн пунктмæ.

Бадзурæн ис тел.: 8 (8672) 25-68-92; 8 (8672) 76-83-75.

Контракт куыд бафыссæн ис, контрактон службæйы граждæнтæм цы домæнтæ хауы, уый тыххæй базонæн ис сæрмагонд хæстон операцийы архайæджы бæрæгуаты (справочник). Уым ма базонæн ис, хæстон архайдтыты ветераны æвдисæндар куыд райсæн ис, цавæр æхху ыстæ сын ис сæрмагонд операцийы архайджытæн УФ-йы Президенты Указ № 98-мæ гæсгæ (æппæт сæрмагонд операцийы æфсæддон службæгæнджытæ æмæ категоритæн). Бæстондæр ма базонæн ис мæнæ ацы сайты "СО" http://sevosetia.

ПРОДАЕМ
органическое удобрение — конский перегной.
1 мешок — 39 кг —
250 руб. Доставка бесплатная.
ТЕЛ.:
8-928-856-90-89; 8-928-856-90-83 (Руслан).

САНТЕХНИК:
устранение засоров любой сложности.
ТЕЛ.: 8-918-834-82-74 (Эльбрус).

Номыры радгæс редактор — **Саутæты Тамилæ.**
Рауагъды редактор — **Гæззаты Фатимæ.**
Дизайн: 1-аг фарсæн — **Рубайты Нелли;**
2-аг фарсæн — **Халиты Изæ;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Гуыцмæзты Зæринæ.**
Корректортæ: 1-аг фарсæн — **Гаглойты Наташæ;**
2-аг æмæ 3-аг фæрстæн — **Дзоцъиты Тамарæ;**
4-æм фарсæн — **Кæлухты Фатимæ.**

"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты

Газет уадзынц: РЦИ-Аланийы Парламент, РЦИ-Аланийы Хицауад, паддзахадон бюджетон кусæндон "Республикон адæмон газет "Рæстдзинад"-ы редакци"

Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2012 азы 30 мартъийы (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00063)

Сæйраг редактор ХОЗИТЫ Барис

Сæйраг редакторы исæн уат — 25-96-27.

Сæйраг редакторы хæдивджытæ: **Бутаты Эльзæ — 25-63-19, Сланты Аслан — 25-94-37.** Бæрнон нымæрдар: **Саутæты Тамилæ — 25-93-68.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз — 25-93-74, Абайты Эдуард — 25-99-33.** Рауагъды редактортæ: **Баскаты Эльзæ, Гæззаты Фатимæ — 25-91-89.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ — 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Гасанты Валери — 25-96-50, Баскаты Уырызмæг — 25-96-31, Гугкаты Жаннæ — 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ — 25-94-57, Тохсырты Къоста — 25-91-92, Хъойбайты Галинæ — 25-90-54, Гобозты Агуындæ, Цæгæраты Эльмирæ — 25-96-16.** Къамисæг: **Хъайыры Дианæ — 25-91-88.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ — 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргъæлæууæг: **Бызыккаты Земфирæ — 25-67-03.** Корректортæ — **25-93-36,** компьютерон цех — **25-93-97.**

✓ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ æнæмæнг бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
✓ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ ныв тæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
✓ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдонył бæрнондзинад хæссынц сæ автортæ.
✓ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрнондзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис:
362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11.
Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр
1.88 мыхуырон сыфы.
Газет цæуы къуыри фондз хатты.
Индекс 53901. Тираж 3628.
Заказ № 1069.
Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа — 18.00.
Мыхуырмæ фыст æрцыд — 18.00.

Email: rastdzinad@mail.ru
Сайт: www.rastdzinad.ru